

## Rezime Egzekitif Plan Estratejik pou Ekite nan Sante a

### Non Lopital la

Beth Israel Deaconess Hospital – Needham fè pati Beth Israel Lahey Health (BILH), yon sistèm swen sante konplè ak gwo valè ki twouve li nan Boston, nan lès Massachusetts ak nan sid New Hampshire. Sistèm nan, ki te kreye an 2019, gen 14 lopital, 23 enstalasyon anbilatwa, 4 700 doktè, 10 000 enfimyè, epi sèvi plis pase 1.7 milyon pasyan alantou pati lès Massachusetts. BILH se dezyèm pi gwo sistèm swen sante nan Commonwealth la ak 36,000 anplwaye.

### Kijan lopital la defini ekite nan sante

BILH angaje 1 pou pasyan yo resevwa swen ak rezulta ki pi ekitab posib, kèlkeswa kote pasyan yo kòmanse oswa ap kontinye vwayaj swen sante yo. Apwòch BILH sou Divèsite, Ekite ak Enklizyon (DEI) inik paske ekite nan sante nan sant tout travay la - atravè talan, swen pasyan, kominate ak rechèch epi ak inovasyon. Apwòch fondamantal sa alafwa delibere ak esansyèl; sèl fason pou fè pwogrè siyifikatif nan elimine diferans nan aksè, eksperyans swen an ak rezulta sante atravè sistèm sante a twouve li atravè yon seri estrateji konplè ki entegre rechèch ak inovasyon, prestasyon swen ak sipò pou ekip swen, ak angajman kolaboratif ak kominate ki antou yo.

Beth Israel Deaconess Hospital – Needham te idantifye domèn priyorité DEI yo konsènan kominate jeyografik la, popilasyon pasyan ki jwenn aksè ak swen BIDN nan ak mendèv lopital la.

### Ki sa Lopital la espere reyalize nan kat ane k ap vini yo ki gen rapò ak ekite nan sante

Antanke sistèm, objektif BILH nan DEI a se transfòme prestasyon swen yo nan demonte baryè ki genyen nan rezulta sante ekitab epi vin premye sistèm sante k ap atire, kenbe ak devlope talan divèsiye. Gen twa objektif prensipal ki sipòte vizyon sa ki pral pèmèt BILH mezire pwogrè yo alontèm.

- Talan: nou vize pou gen yon mendèv ki reflete divèsite k ap ogmante nan kominate BILH ap sèvi yo, nan mete aksan sou reprezentasyon nan wòl lidèchip ak sèvis swen.
- Pasyan: nou vize eliminate diferans ki genyen nan rezulta sante nan divèsite popilasyon pasyan nou an.
- Kminate: nou vize pou elaji envestisman nan kominate ki manke rezante istorikman pou redui eka sosyo-ekonomik ki afekte sante popilasyon an.

Pou operasyonalize objektif sa yo, BILH te devlope yon Bwat zouti pou Developman Kapasite DEI ki bay kad pou lopital ak inite klinik li yo pou aplike inisyativ estratejik DEI yo. Bwat zouti a, jan sa endike anba a, gen ladan sis kapasite espesifik pou mendèv la, uit kapasite espesifik pou ekite nan sante, ki pral mete aksan sou plan estratejik sa a ak twa kapasite espesifik pou divèsite founisè yo.

### Kad Developman Kapasite DEI



Beth Israel Deaconess Hospital – Needham te pwofite de apwòch sa a pou reponn ak bezwen kominote yo idantifye nan Evelyasyon Bezwè Sante Kominotè (CHNA) espesifik pou aksè ekitab nan swen, idantifikasiyon detèminan sosyal bezwen yo nan sante, sante mantal ak itilizasyon sibstans, ak swen pou moun kap soufri maladi kwonik ak konplèks.

### Kijan Lopital la entegre vwa manm yo ak kominote a nan jefò planifikasyon estratejik ak aplikasyon ekite nan sante li yo

BILH entegre vwa manm MassHealth yo ak kominote a nan planifikasyon estratejik ekite nan sante ak jefò aplikasyon li atravè divès komite ak gwoup travay ki gen rapò ak ekite nan sante li yo, jefò sansibilizasyon pasyan yo, gwoup ki konsantre sou pasyan yo, sondaj peryodik sou eksperyans pasyan yo, entèvyou patnè kominotè yo, kòmantè konsiltatif pasyan/fanmi yo, ak pasyan konplè ak evalyasyon bezwen sante nan kominote a.

Beth Israel Deaconess Hospital – Needham gen yon Konsèy Konsiltatif kominotè ki patisce nan planifikasyon wo nivo epi ki entegral nan sipò pwogram sante ak byennèt mendèv òganizasyon an. Komite Konsiltatif Pasyan ak Fanmi lopital la rankontre pou pataje pèspektiv ak lide pou reponn ak bezwen popilasyon pasyan an, konble twou vid ki genyen nan konpreyansyon, edikasyon ak kominikasyon pasyan an.

## Vizyon ak misyon Lopital la, ansanm ak estrateji ki gen rapò ak ekite nan sante

BILH nan DEI a transfòme prestasyon swen yo nan demonte baryè ki genyen nan rezulta sante ekitab epi vin premye sistèm sante k ap atire, kenbe ak devlope talan divèrsifye. BILH ap travay pou fòme avni swen sante a, konsyan gen yon seri estrateji konplè ki nesesè pou fè pwogrè siyifikatif nan elimine eka ki genyen nan aksè ak swen, nan imanize eksperyans swen pou tout pasyan yo, ak amelyore rezulta sante atravè divès popilasyon pasyan yo. Jefò yo ap entegre rechèch ak swen ak sensibilizasyon kominate a, nan apui sou pa transfòmasyon mendèv la. Antanke yon òganizasyon ki gen yon objektif anbisye pou bay 70% swen nou yo nan anviwònman kominotè ak anbilatwa apati 2030, BILH dwe kontinye fè prèv odas nan inisyativ k ap sipòte objektif prensipal DEI yo. Vizyon anbisye BILH la pou transfòme swen sante pou tout moun ap mande pou gen patenarya ant sipòtè vizyonè ki pataje angajman òganizasyon an pou mennen nan chanjman.

BILH kwè ekite nan sante fondamantal pou atenn pi wo nivo sante pou sosyete a, kote tout moun gen yon opòtinite jis epi ekitab pou yo rive atenn pi bon sante yo kèlkeswa ras, etnisite, andikap, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, estati sosyo-ekonomik, sitiyasyon jewografik, sitiyasyon imigrasyon, lang yo pale, oswa lòt faktè ki afekte aksè ak swen ak rezulta sante yo. Se konsa, direksyon estratejik BILH gen ladan evalyasyon popilasyon pasyan li yo ak kominate li yo pou detèmine twou vid ki genyen nan swen ak sèvis, reponn ak bezwen yo idantifye yo nan itilizasyon entèvansyon ki chita sou rechèch epi ki kiltirèlman apwopriye, evalye ak mezire efikasite pratik la.

Jefò BILH yo nan ekite nan sante alien ak kad nasyonal yo, tankou Healthy People 2030, Sant pou Medicare & Medicaid Services Framework for Health Equity, ak objektif ekite nan sante Eta ak lokal yo. Sa bay garanti BILH itilize objektif devlopman ak rechèch mezirab pou konprann pwogrè pandan y ap rekonèt lit kont eka nan swen sante esansyèl pou pèmèt moun yo resevwa swen yo bezwen ak sa yo merite.

Beth Israel Deaconess Hospital – Needham angaje li nan modèl BILH WE CARE la:

Nou kreye kominate ki pi an sante - yon sèl moun alafwa - gras ak kontinyèl epi ak syans inovatè, ki anba gid ekselans, inovasyon ak espas ekite ak valè akronymno WECARE la rezime:

**Byennèt (Wellbeing)** - Nou bay yon espas travay ki konsantre sou sante epi ki favorize yon bon ekilib ant vi pwofesyonèl ak vi prive.

**Anpati (Empathy)** - Nou fè sa nou kapab pou konprann santiman lòt moun, bezwen ak pèspektiv.

**Kolaborasyon (Collaboration)** - N ap travay ansanm pou nou atenn rezulta ekstrawòdinè.

**Responsabilite (Accountability)** - Nou enpoze tèt nou bay youn lòt nan konpòtman ki nesesè pou reyalize objektif kolektif nou yo.

**Respè (Respect)** - Nou bay divèsite valè epi nou trete tout manm nan kominate nou an ak diyite ak enklizivite.

**Ekite (Equity) - Tout moun gen opòtinite pou atenn tout potansyèl yo nan espas travay nou an ak nan swen nou bay la.**

**Dekri pwosesis yo itilize pou devlope Plan Estratejik la ak/oswa jefò planifikasyon estratejik ki lye yo epi ki te kontribye nan plan sa a.**

Antanke sistèm, BILH te lanse li nan DEI an 2020 ak kreyasyon Gwoup Travay BILH DEI a, pou rasanble pwennvi nan men klinisyen yo ak anplwaye yo atravè òganizasyon an epi devlope yon plan pou plizyè ane. Rekòmandasyon Gwoup Travay DEI a te gen anpil valè kòm yon zouti inestimab pou elaborasyon priyorite akoutèm ak alontèm. Kounye a, anpil manm nan Gwoup Travay DEI ap sèvi nan Komite Kalite ak Ekite nan Sante BILH la oswa nan Komisyon Konsèy Avanse BILH DEI a, ki reyini chak trimès pou ede gide ak enfòme jefò DEI BILH yo. Komisyon Konsèy Avanse BILH DEI a gen ladan 1 chanpyon DEI atravè sistèm nan pou kreye sinèji ant travay DEI chak antite epi aliyen ak objektif epi ak priyorite sistèm DEI yo. BILH te angaje tou nan yon pwosesis planifikasyon estratejik nan tout sistèm nan pou defini vizyon alontèm li, pozisyon estratejik li, priyorite ak inisyativ sistèm, ak DEI a ki entegre nan tout domèn travay yo. Pwosesis planifikasyon an te gen plis pase 160 patisipan atravè BILH, ak 35% divèsite rasyal ak 43% rezantasyon feminen. Entegre DEI nan plan estratejik BILH a ak envèstisman yo fè pou pi devan yo enpòtan anpil pou siksè alontèm ak dirabilite jefò BILH yo. Dapre lesон yo aprann ak twou vid ki genyen yo idantifye yo, BILH te devlope yon plan estratejik pou ekite nan sante ak yon zouti pou devlopman kapasite DEI yo pou sèvi kòm yon plan pou atenn ekite nan sante epi ogmante kapasite sistèm nan pou bay bon jan kalite swen ki zgen sekirite, epi ki kiltirèlman konpetan.

Beth Israel Deaconess Hospital – Ekip Avantaj Kominotè Needham nan ap dirije Evalyasyon Bezwèn Sante Kominotè (Community Health Needs Assessment, CHNA) ak travay planifikasyon. Estrateji aplikasyon 2022 la te fèt ant septanm 2021 ak septanm 2022. Evalyasyon Bezwèn Sante Kominotè (Community Health Needs Assessment, CHNA) ak travay planifikasyon pou rapò 2022 yo te fèt ant septanm 2021 ak septanm 2022.